



Pou Piblikasyon Imedya: 19/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RENOMINASYON POU KOMISYON SOU ETIK NAN LÒBI AK GOUVÈNMAN AN

Yo ka soumèt kòmantè piblik yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a renominasyon Komisyon sou Etik nan Lòbi ak Gouvènman an, Michael A. Cardozo. Piblik la pral gen twa semèn pou yo fè kòmantè sou kandida a, ke yo pral prezante tou bay Komite Revizyon Endepandan (Independent Review Committee, IRC) an.

"Komisyon sou Etik nan Lòbi ak Gouvènman an se yon ajans etik endepandan, san patipri ki bay plis transparans ak responsablite pou Nouyòkè yo epi ki pral ede retabli konfyans nan gouvènman an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m tounen nonmen ekspè legal endepandan ke yo byen respekte sa a, Michael A. Cardozo, nan Komisyon an pou konsiderasyon pa Komite Revizyon Endepandan an, epi mwen angaje pou bay Komisyon an ak Komite a nenpòt sipò ki nesèsè pou ede asire yo reyisi nan akonpli misyon yo."

Yo te tounen nonmen **Michael A. Cardozo** pou sèvi nan **Komisyon sou Etik nan Lòbi ak Gouvènman an.** Mesye Cardozo se yon ansyen Avoka New York City Corporation epi kounye a li sèvi nan Komisyon sou Etik nan Lòbi ak Gouvènman an. Antanke Avoka Kòporasyon Vil Nouyòk ki gen pi lontan an, Mesye Cardozo te dirije depatman jiridik Vil la ki gen 700 avoka depi 2002 jiska 2013, e li te sèvi kòm konseye legal Majistra a, Vil la ak tout ajans li yo. Li gen wòl lidèchip nan konsèy anpil òganizasyon sivik yo ki gen ladan Citizens Union (Inyon Sitwayen), Fon pou Tribinal Modèn (Fund for Modern Courts) yo ak Konsèy Konsiltatif pou Sansibilizasyon Legal (Advisory Board of Legal Outreach); Jij Anchèf Eta New York la te nonmen li tou pou li prezide Komisyon sou Reminerasyon Lejislatif, Jidisyè ak Egzekitif Eta New York la.

Nou ka soumèt kòmantè piblik sou nominasyon sa a [sou entènèt](#).

Gouvènè Hochul te premye pwopoze ranplase Komite Konjwen sou Etik Piblik la avèk yon nouvo ajans etik endepandan nan kad ajanda [Eta Leta li a an 2022](#). Lejisasyon ki kreye Komisyon sou Etik nan Lòbi ak Gouvènman an te pase nan tou de chanm lejislati yo epi Gouvènè Hochul [te siyen li pou vin lwa](#) nan dat 9 avril 2022.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)